

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab, dipedar ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data, téknik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan. Ieu panalungtikan téh kagolong kana panalungtikan kualitatif. Ratna (2015, kc. 46), nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ngagunakeun cara-cara atawa léngkah-léngkah nu sistematis pikeun nafsirkeun masalah dina wangun déskriptif. Lian ti éta Moleong (dina Arikunto, 2013, kc. 22) nyebutkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana.

Di sagédéngéun éta, métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis. Ieu métode dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis. Sacara étimologis, istilah déskripsi jeung analisis lain saukur miboga harti ngadadarkeun, tapi dibarengan ku maham tur mampuh méré pedaran nu gembleng (Ratna, 2015, kc. 53). Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis, anu tujuanna pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis fakta carita jeung ajén moral nu aya dina naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani pikeun bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa gambaran atawa rarancang nu digunakeun dina panalungtikan sangkan panalungtik bisa ngalaksanakeun panalungtikan kalawan puguh léngkah-léngkahna. Nurutkeun Narbuko jeung Abu A (2009, kc. 57) léngkah panalungtikan nyaéta runtuyan prosés panalungtikan ti mimiti ngarumuskeun pasualan nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Anapon desain panalungtikan anu digunakeun ku panalungtik bisa digambarkeun dina bagan 3.1

**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Anapon data dina ieu panalungtikan, aya sagemblengna tina naskah drama *libretto* dua babak nu aya dina buku “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani. Kalayan idéntitas buku nyaéta:


Judul : Sang Kuriang  
 Pangarang : Utuy T. Sontani  
 Medal : 2014  
 Penerbit : Kiblat Buku Utama

Gina Devina, 2019

**FAKTA CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NASKAH DRAMA “SANG KURIANG” KARYA UTUY T. SONTANI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMADI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kandel Buku : 115 kaca



Gambar 3.1

Nilik kana data di luhur, katitén yén sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kertas atawa dokumén (*paper*). Lian ti éta, aya ogé sumber buku-buku lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

### 3.2.2 Ringkesan Carita

#### *Sang Kuriang* (Utuy T. Sontani)

Dayang Sumbi, mojang geulis nu keur sedengna petikeun, dina hiji mangsa ngadekul ninun dina saung ranggon. Dadak dumadak taropongna ragrag ka kolong, sarta dadak dumadak manéhna katarajang leuleus tanpda daya, teu aya tanaga pikeun cengkat. Tuluy ragrag omong yén lamun aya mangnyokotkeun éta nu mangnyokotkeun, mun awéwé bakal diaku dulur, mun lalaki bakal diaku salaki.

Kadéngéun ku Si Tumang, anjing jalu nu harita keur camperego di kolong. Teu talangké deui tuluy éta taropong dipangnyokotkeun, dipasrahkeun ka Dayang

Gina Devina, 2019

FAKTA CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NASKAH DRAMA "SANG KURIANG" KARYA UTUY T. SONTANI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMADI SMA KELAS XII  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sumbi. Nénjo Si Tumang nu nyodorkeun taropong, Dayang Sumbi jadi reuwas, inget kana jangji tadi. Si Tumang disieuh-sieuh diusir, tapi teu daékeun nyingkah. Saterusna Dayang Sumbi jadi kapulesan, teu inget naon-naon. Tapi ti harita Dayang Sumbi tuluy reuneuh sarta sanggeus nepi kana waktuna tuluy ngajuru, anakna lalaki, nya dingaranan Sang Kuriang.

Sang Kuriang teu bisa percaya, teu bisa narima yén éta nu ditanyaan téh indungna. Keukeuh manéhna ngajak kawin, keukeuh Dayang Sumbi nolak. Tungtungna diputuskeun: Dayang Sumbi daék kawin asal Sang Kuriang nyadiakeun talaga jeung parahu keur lalayaran, kudu dianggeskeun dina jero sapeuting teu meunang kabaurangan.

Ieu paménta ditedunan, nya sapeuting Sang Kuriang digawé popohoan nyadiakeun talaga jeung parahu. Kira wanci janari pagawéanana geus méh réngsé. Tapi Dayang Sumbi teu béakeun akal, bari jeung ngibar-ngibarkeun boéh larang nu ku sabréhan siga balébat, manéhna ngabéjaan yén Sang Kuriang kabaurangan. Sang Kuriang ambek tuluy najong parahu nepi ka nang kubna. Lantaran ngarasa salah jeung teu bisa nurutkeun kahayang Sang Kuriang, Dayang Sumbi ahirna nyokot kujang tuluy maéhan manéh. Dituluykeun ku Sang Kuriang miluan maéhan manéh nepi ahir lalakon.

### **3.3 Téknik Panalungtikan**

#### **3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data**

Téknik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka atawa telaah pustaka. Téhnik talaah pustaka nyaéta téknik ngumpulkeun data anu mangrupa sumber tinulis pikeun néangan tur nangtukeun tatapakan téoritis anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Objék dina panalungtikan ieu nyaéta naskah drama “Sang Kuriang”.

### 3.3.2 Téknik Ngolah Data

Dina ieu tahap data anu aya dina buku drama “Sang Kuriang” dianalisis ngagunakeun téknik déskriptif, nya éta maluruh data tuluy panalungtik ngalakukeun interpretasi data nu kakumpul pikeun nganalisis struktur jeung ajén moralna anu dilakukeun tahapan saperti kieu.

#### 1) Analisis fakta carita

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun analisis fakta carita kalayan téori Stanton, anu dianalisisna ngawengku galur, latar jeung karakter (tokoh jeung penokohan).

#### 2) Analisis ajén moral

Ieu panalungtikan ogé ngagunakeun analisis ciri ajén moral numutkeun Bertens, nu ngawengku: moral nu patali jeung tanggung jawab, anu patali jeung nurani, sifatna ngawajibkeun, sarta ajén moral anu sifatna formal.

#### 3) Analisis kriteria milih bahan ajar

Nasution (dina Haerudin & Kardana, 2013, kc. 77) nyebutkeun yén bahan ajar kudu dipilih kudu dipilih dumasar kana lima hal nyaéta; (1) tujuan nu hayang dihontal; (2) dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa; (3) dianggap miboga ajén minangka warisan ti entragan saméméhna; (4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan; sarta (5) luyu jeung kabutuhan katut minat siswa.

### 3.3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta ngagunakeun téknik studi pustaka. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nya éta:

- 1) Maca naskah drama”Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani.
- 2) Nyirian fakta carita jeung ajén moral nu aya dina naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani.
- 3) Nyalin fakta carita jeung ajén moral kana kartu data.

### 3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumen mangrupa alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 150), tujuanana sangkan panalungtik leuwih babari dina ngolah data. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Instrumen kartu data digunakeun pikeun nganalisis fakta carita jeung ajén moral dina naskah drama “Sang Kuriang”.

Luyu jeung téknik ngumpulkeun datana, instrumén panalungtikan anu diperlukeun nya éta kartu data anu dijerona aya data-data ngeunaan naon nu ditalungtik.

#### 3.3.1 Instrumen Talaah Pustaka

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta buku-buku anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

Tabel 3.1

Instrumen Ceklis Talaah Pustaka

No	Téma Buku	Judul Buku	Digunakeun	Teu digunakeun
1	Kabudayaan			
2	Sastra			
3	Kabasaan			
4	Pangajaran			

#### Kartu Data

1. Kartu data fakta carita
  - a. Fakta carita
    - (1) Galur

<p><b>KARTU DATA GALUR</b></p> <p>Kode data:</p> <p>Cutatan carita:</p>
---

Gina Devina, 2019

*FAKTA CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NASKAH DRAMA “SANG KURIANG” KARYA UTUY T. SONTANI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMADI SMA KELAS XII*  
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## (2) Palaku

<p><b>KARTU DATA PALAKU</b></p> <p>Kode data:</p> <p>Cutatan carita:</p>
--

## (3) Latar

<p><b>KARTU DATA LATAR</b></p> <p>Kode data:</p> <p>Cutatan carita:</p>
---

## Kartu Data Analisis Ajen Moral

Tabel 3.2

No.	Kode	Data	Interpretasi

Conto kode : 1) NDS /2/3/9

Gina Devina, 2019

*FAKTA CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NASKAH DRAMA "SANG KURIANG" KARYA UTUY T. SONTANI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMADI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## Katerangan

NDS : Singgetan sumber data Naskah Drama *Sang Kuriang*

/2/ : babak

/3/ : kaca

/9/ : pada

Tabel 3.2

## Instrumén Tabél Céklis Analisis Bahan Ajar

No	Kritéria Milih Bahan Ajar	Naskah drama <i>Sang Kuriang</i> karya Utuy T. Sontani		Katerangan
		Luyu	Teu Luyu	
1	Tujuan nu hayang dihontal			
2	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3	Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna			
4	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan			
5	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa			

Gina Devina, 2019

**FAKTA CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NASKAH DRAMA “SANG KURIANG” KARYA UTUY T. SONTANI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMADI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

